



Konnen Dwa Imigrasyon w yo: Kijan pou Pwoteje Tèt ou ak Moun ou Renmen yo



Si ICE vin lakay ou, kisa w ap fè?

01 Pa ouvri pòt pou ICE oswa okenn ofisye polis san yon manda siyen.

02 Ou pa bezwen ouvri pòt la sof si yon ajan ICE ka montre w manda yon jij ki siyen ki gen non ak adrès kòrèk epi espesifik ou.

03 Si ICE frape pòt ou, mande pou yo glise manda rechèch la anba pòt la oswa montre li nan yon fenèt.

04 Asire w se yon jij ki siyen manda epi li gen adrès ou sou li.

05 Si ICE oswa lapolis pa genyen sa a, ou pa oblije ouvri pòt la. Depi w ouvè pòt la, ou pèdi sèten dwa.

Si ICE kanpe ou an piblik:

Ou gen dwa pou w rete an silans

01 Ou ka refize pale ak ajan imigrasyon yo. Pa reponn okenn kesyon. Epi ou ka di ou vle rete an silans.

Ou gen dwa pou ou pale ak yon avoka.

02 Ou ka gen avoka w avèk ou si Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) oswa lòt ajan fòsdelòd yo poze w kesyon. Ou pa oblije pale ak ICE san yon avoka. Men yon lwen pou jwenn yon avoka nan Virgin Islands (<https://www.usvibar.org/search/newsearch.asp>)

Pote dokiman estati valab ou yo

03 Pa pote papyè ki soti nan yon lòt peyi avèk ou, tankou yon paspò etranje. Yo ka itilize papyè sa yo kont ou nan pwosesis depòtasyon an.

Rapòte epi dokimante atak ak arestasyon

04 Dokimante epi anrejistre dat, lè, ak kote ensidan te fèt. Bay plis presizyon posib. Ekri detay rankont oswa atak la ak non oswa nimewo ajan ofisye yo pou ou pataje avèk yon avoka ak òganizasyon defans.

Anvan ou siyen nenpòt dokiman, pale ak yon avoka

05 ICE ka eseye fè w siyen yon dokiman pou ou renonse ak dwa ou genyen pou ou wè yon avoka oswa yon jij. Asire w ou konprann sa yon dokiman bon jan di anvan ou siyen l.

Pote yon Kat Konnen Dwa ou

06 Montre kat sa si yon ofisye imigrasyon kanpe ou. Kat la eksplike w ap rete an silans epi ou vle pale ak yon avoka. Ou ka jwenn kat imigrasyon yo la (Kat Wouj / Tarjetas Rojas | Sant Resous Legal pou Imigran | (Immigrant Legal Resource Center, ILRC)). Anglè ([red_card-self_srv-english.pdf](#)) ak Panyòl (Travay Atistik pou Enprime Pwòp Kat Wouj Ou - Spanish.pdf). YON TI KONSEY: Tanpri fè yon foto kat idantifikasyon ou epi kenbe li nan telefòn ou.

Fè ICE konnen si ou gen timoun

07 Si w enkyete ICE ap arete w, fè ajan an konnen si w gen pitit. Si w se paran oswa moun k ap bay yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan ki poko gen 18 ane swen debaz, ICE ka “fè egzèsis diskresyon” epi li kite w ale.